**Нобэ Урысейм и махуэщ!**

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№71 (24.977) • 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 12, мэрем • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

# Дызэгъусэу, зэкъуэтыныгъэр дгъэбыдэу

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Урысейм и махуэм и щIыхькIэ цIыхухэм зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу Урысейм и МахуэмкIэ!

Мы махуэшхуэр и нагъыщэщ ди къэралым щыпсэу лъэпкъ куэдым я гъащIэр зэрызэпыщIам, къэралым лIыхъужьыгъэкIэ гъэнщIа и тхыдэм, и ехъулIэныгъэхэмрэ здынэса лъагапIэхэмрэ, апхуэдэу къегъэлъагъуэ лIэщIыгъуэ бжыгъэ хъуауэ къыддекIуэкI хэкупсагъэр, зэкъуэтыныгъэмрэ Хэкум хуэпэжынымрэ, Урысеймрэ абы и къэкIуэнумкIэ тхьы жэуаплыныгъэр зэрызыхэтщIэр.

А лъапIэныгъэ къызэрымыкIуэхэр, Хэкум худиIэ лъагъуныгъэр, ди нэхъыжьхэм зауэ губгъуэм къыщагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэмрэ лэжьапIэ IэнатIэхэм щаIа зэфIэкIхэмрэ абыхэм я щIэблэмкIэ щытщ дызытетын хуей, ехъулIэныгъэщIэхэм дыхуэзышэ икIи дызыгъэгушхуэ гъуазэ дахэу.

Ди дежкIэ ар лъапIэ дыдэщ. Ди къэралыр мы лъэхъэнэм щытыкIэ гугъу итми, абы жылагъуэр нэхъри зэкъуегъэувэ, IуэхуфIхэр лэжьыным, текIуэныгъэщIэхэр зыIэрыгъэхьэным хуеунэтI. Абы и щыхьэт нэсщ пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ я телъхьэу, лъэпкъ псоми я сэбэп зыхэлъхэмрэ Урысейм и щхьэхуитыныгъэмрэ къащхьэщыжу дзэ Iуэху хэхам хэт ди зауэлIхэм къагъэлъагъуэ хахуагъэр. Дэ дрогушхуэ абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми.

Шэч къытесхьэркъым, дызэгъусэу, ди зэкъуэтыныгъэр дгъэбыдэу, сыт хуэдэ гугъуехьми дыпэлъэщыным дыхуэхьэзыру дызэрыщытыр къэдгъэлъагъуэкIэрэ, дэ къызэзэднэкIыфынущ сыт хуэдэ гугъуехьри икIи Урысейр нэхъри лъэщ, сыт и лъэныкъуэкIи ефIакIуэ къэрал тщIынщ.

Си гуапэщ узыншагъэ быдэ фиIэну, мамыру, зэIузэпэщу фыпсэуну.



# ПхъэщхьэмыщхьэкIэ дыкъызэрагъэпэщ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ Минеральные Воды къалэм щекIуэкIа, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ мэракIуэхэкIхэмрэ гъэкIыным, ахэр хъумэнымрэ щэнымрэ хуэгъэпса щIэныпхъэхэр утыку къыщрахьа VIII дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэм. Абы щыIащ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ жыггъэкI IуэхущIапIэ пажэхэмрэ я лIыкIуэхэри. Республикэм и унафэщIыр зэхуэсыр зэрекIуэкIам щытепсэлъыхьыжащ Максым щиIэ напэкIуэцIым**:

«КъБР-м а IэнатIэм пэрыт и IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIыр щагъэлъагъуэ абы - жыгыщIэ хасэхэм деж щегъэжьауэ а Iуэхум зегъэужьыным пыщIауэ къагъэсэбэп Iэмэпсымэхэм, Iэмалхэм нэсу.

«PROяблоко 2026» гъэлъэгъуэныгъэм хыхьэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщт а IэнатIэм зегъэужьыным хуэгъэзауэ щыта урысейпсо зэIущIэр. «Урысейм и хадэхэр 2026» зыфIаща а Iуэхум къыщагъэнэIуащ Урысей Федерацэм ЕрыскъыпхъэмкIэ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным и доктринэм хыхьэ къалэнхэр – пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIхэмкIэ зыкъызэгъэпэщыжыным хуэунэтIауэ Урысейм и Президентым къигъэувахэр.

ЗэIущIэр ирагъэкIуэкIащ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и нэIэ щIэту. УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Лут Оксанэ зэхуэсым хэтхэм къахуигъэхьащ абыхэм зэрызакъыхуигъазэ тхыгъэ.

Абдежым Iуэху гуапи щекIуэкIащ – «Пасэу къызыпыкIэ жыг хадэхэр гъэкIыным и мардэр» къэрал зэпеуэм щытекIуахэр ягъэлъэпIащ.

Ди республикэм къэралым бжьыпэр щиIыгъщ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэкIхэмрэ къехьэлIэнымкIэ. Илъэс кIуам апхуэдэ ерыскъыпхъэу тонн мелуан 1,104-рэ Iуахыжащ, ар Урысейм зэрыщыту къащехъулIам и процент 23-рэ мэхъу. Къэралым и IэнатIэ зэгъэуIуар зэрыщыту къапщтэмэ, КъБР-м абы хуищI хэлъхьэныгъэр нэхъыбэжщ – процент 36-м нос.

*(КIэухыр 2-нэ нап.).*



Хэкупсагъэр унагъуэм къыщожьэ

3-нэ нап.



Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ

4-нэ нап.



АдыгэбзэкIэ ягъэфIащ Алинэ

10-нэ нап.




11-нэ нап.



Лъэпкъым и набдзэ

12-нэ нап.

# Хэкупсагъэр унагъуэм къыщожьэ



**Урысейм и махуэр илъэс къэс мэкъуауэгъуэм и 12-м ягъэлъапІэ къэрал махуэшхуэщ. Абы къегъэлъагъуэ иджырей Урысей Федерацэм и тхыдэщІэр, щэнхабзэ щІэиныр, цІыхухэр зэкъуэзыгъэувэ ехъулІэныгъэхэмрэ лъапІэныгъэхэмрэ.**

1990 ГЪЭМ мэкъуауэгъуэм и 12-м РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я япэ зэхуэсым къиштауэ щытащ къэрал щхьэхуитыныгъэм теухуа декларацэр. А дэфтэрыр Урысейр СССР-м къызэрыхэкІыж лъэбакъуэ хъуащ, РСФСР-м и Конституцэмрэ законхэмрэ ягъэІуащ. Нобэ махуэшхуэр хэкупсагъэмрэ лъэпкъ зэкъуэтыныгъэмрэ я дамыгъэу жыпІэ хъунущ.

- Урысейм и дамыгъэ лъапІэхэм ящыщщ ЛІыгъэм и орденыр. Ар хуагъэфащэ зи гъащІэм емыблэжу лІыхъужьыгъэ зезыхьахэм. А саугъэтым къегъэлъагъуэ цІыхум и хахуагъэмрэ псэзэпылъхьэпІэ ихуам дэІэпыкъуну ар зэрыхьэзырымрэ. Апхуэдэ дамыгъэр зыхуагъэфэща ди лІыхъужь, дзэ Іуэху хэхам и ветеран Базиев Мыхьэмэт махуэшхуэм игу къигъэкІ гупсысэхэмкІэ къыддогуашэ:

«Урысейм и махуэр сэркІэ сыщыпсэу къэралым сызэрыригушхуэ махуэшхуэщ. Хэкупсэу ущытыным и мыхьэнэр сызэрыцІыкІу лъандэрэ зыхэсщІэу сыкъэхъуащ. Къызолъытэ къэралым унафэр ІэкІуэлъакІуэу зэрызэрихьэм и фІыгъэкІэ, нобэ Урысейр дунейм щынэхъ лъэрызехьэ хъуауэ. Хэкур фІыуэ зэрыплъагъум ухуегъэпабгъэ абы и ехъулІэныгъэхэм хэбгъэхъуэным, уригушхуэным. Хэкупсагъэм дыхуегъасэ ди къэралым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ пщІэ хуэтщІу, абы и хабзэхэр дгъэлъапІэу дыдэгъуэгурыкІуэнми.

2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу гъэувыным щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хуэхъуауэ къысщохъу дзэ Іуэху хэхам хэтхэр зылI и быну зэрыщызэкъуэувар, Хэкум и щхьэхуитыныгъэр зэгъусэу зэрахъумэр. Иджыпсту дэ ди къалэныр лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралым и щІыналъэм щыпсэухэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ дгъэбыдэнырщ.

Сэ сыкъыщалъхуа Урысейм сыщегупсыскІэ япэу сигу къэкІыр абы тхыдэшхуэ къызэрыдекІуэкІырщ, и мэз абрагъуэхэрщ, губгъуэ гъунэншэхэрщ, бгы уардэхэрщ, гуэл куухэрщ. ЖысІэнуращи, ди къэралым и щІыуэпсри укъэзыгъэуІэбжьщ, и дахагъэмкІэ къытекІуэн щымыІэуи къысщохъу. Сыхуейщ си Хэкум и къару илъу дяпэкІи ефІэкІуэну!

И ныбжькІэ щІалэми, зи гур Хэкум хуэкъабзэ, уеблэмэ абы папщІэ лІыгъэ зэрихьэну хунэса Мыхьэмэт Бабугент къыщалъхуащ, Ташлы-Тала къуажэм къыщыхъуащ. Абы и анэр адыгэщ, Дэхъухэ япхъущ. Илъэс 20-м иту 2022 гъэм и мазаем ар дзэ Іуэху хэхам кІуащ. Москва и Іэгъуэблагъэм къулыкъу щызыщІэ щІалэм дзэ Іуэху хэхам зэрыщІидзам и хъыбарыр зэрызэхихыу, щІэлъэІури Донбассым кІуащ. ЗауэлІыр щыІащ Запорожье, Луганск лъэныкъуэхэм. 2023 гъэм мэлыжьыхьым и 23-р щІалэм дежкІэ зэхэгъэкІыпІэт. Ар зи унафэщІ гупым и къалэнт къуажэ гуэр щхьэхуит къищІыжыныр. Жылэм щынэсым, топышэр къытрагъэлъалъэу хуежьащ. Арати, и гъусэхэм унафэ яхуищІащ икІуэтыну, езым цІыхуитІ щІыгъуу иужь зыкъринащ. Адрейхэр мэз лъапэм шынагъуэншэу зэрынэсар зригъэлъагъури, Мыхьэмэт и гъуситІри иутІыпщащ, езым ахэр ихъумэныр пщэрылъ зыщищІыжри. ИтІанэщ иужь дыдэу езыр къикІуэтын щыщІидзар, арщхьэкІэ лагъымым теувэри къэуащ. ЩІалэм игъуэта фэбжьым и лъакъуэ ижьыр текІуэдащ. Абы щыгъуэм сымаджэщым кІуащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек икІи фІыщІэ хуищІащ и лІыгъэр къыхигъэщу.

Дзэ Іуэху хэхам къыхэкІыжа нэужь, Мыхьэмэт и лъэр щІэхуакъым, Къэбэрдей-Балъкъэр Гуманитар-техникэ колледжым и юридическэ факультетым щІэтІысхьащ, мы гъэм ар къиухащи, щІэныгъэ нэхъыщхьи зригъэгъуэтыну и мурадщ. Апхуэдэуи лІыхъужьыр мы зэманым военкоматым щолажьэ. Ар спортым дехьэх, бгым кІуэну фІэфІ дыдэщ. 2023 гъэ лъандэрэ, КъБР-м «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондыр къыдэІэпыкъуауэ, шабзэ уэным зыхуегъасэ. ЛІыхъужьым зэфІэкІ хъарзынэхэри къыщигъэлъэгъуэну хунэсащ щІыналъэ зэпеуэхэм, адэкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэхэми хэтыну и мурадщ. «Дзэ Іуэху хэхам щызгъуэта фэбжьыр зэран къысхуэхъуркъым, си зэфІэкІри абы игъэмащІэркъым. Сэ хьэкъыу сщІэрт Хэкум и хъумакІуэм и ІэщІагъэм цІыху хьэлыр зэрипсыхьыр. Абы псори тыхь хуэпщІыну ухуэмыхьэзырмэ, абдеж занщІэу ухагъэщІауэ убж хъунущ. А гупсысэр иджы спортми щызигъусэщ», - жеІэ абы.

Шэч хэмылъу, Хэкумрэ и унагъуэмрэ хуиІэ лъагъуныгъэрщ мы щІалэр лІыхъужь зыщІар. Нобэ абы и гуащІэ ирехьэлІэ езым и ужь ит щІэблэм я гъэсэныгъэмрэ хэкупсэу ар къэгъэхъунымрэ. Курыт школхэм макІуэ, ныбжьыщІэхэм йопсалъэ. Абы къелъытэ Хэкур зищІысымрэ абы и мыхьэнэмрэ щысабийм щегъэжьауэ къагурыгъэІуэн хуейуэ. «Хэкур фІыуэ плъагъуныр адэ-анэм яхуиІэ лъагъуныгъэмкІэ къыщІидзэу къызолъытэ. Уи Хэкур пхъумэным къикІыр ар уи адэ-анэр, уи унагъуэр, уи дежкІэ лъапІэ цІыхухэм уакъыщхьэщыжыну ухьэзырынырщ. Дзэ Іуэху хэхам сыщыкІуэм сызэгупсысыр къыспэплъэ си Іыхьлыхэр згъэпэжу сакъызэрыхуэкІуэжынырт. Си гугъэмкІэ, аращ псэууэ сыкъыщІэнар, - къыхегъэщ щІалэм. - Хуабжьу сыхуейт си адэ-анэр сэркІэ гушхуэну, си къуэш нэхъыщІэхэм щапхъэ сахуэхъуну. Си адэм: «Афэрым!» къызэрызжиІэнум сегупсысырти, абыи къару къысхилъхьэрт. Пэжыр жысІэнщи, си адэ-анэр ткІийщ, ауэ захуэщ, пэжым и телъхьэщ. Абы къыхэкІыуи си дежкІэ Хэкур, си унагъуэр, си Іыхьлыхэр схъумэныр щІыхь зыпылът».

ЛІыгъэм и орденым къищынэмыщІа, мы щІалэм и бгъэгум хэлъщ «Дзэ Іуэху хэхам зэрыхэтам папщІэ», «Зауэм зэрыхэтам папщІэ» медалхэри.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

# Мы махуэхэм

**Мэкъуауэгъуэм и 12,** ***мэрем***

♦**Урысейм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къагъэІэпхъуат Ленинград хамэ къэралыбзэхэр щаджу дэт пединститутыр.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ драматург, АР-м и цІыхубэ артист, УФ-ми КъБР-ми щІыхь зиІэ я артист, Адыгэ Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреат **Мурат Чапай**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 26-рэ, жэщым градус 15 – 16 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 13,** ***щэбэт***

♦**1936 гъэм** Къэбэрдей лъэпкъ драмэ театрыр къызэІуахащ.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ медицинэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъШКъУ-м и профессор **Даур Борис**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ искусствоведенэмкІэ доктор, профессор, ЩІДАА-мрэ Тыркумэн Республикэм щІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ я академик **Абыкъу ФатІимэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, ветеринар щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **Аргун МуІэед**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ экономикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, АКъУ-м и профессор **ХъуакІуэ Заурбэч**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 15- 16 щыхъунущ. ЩІым и малъхъэдис щытыкІэм балли 5-кІэ зихъуэжынущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 14,** ***тхьэмахуэ***

♦**Лъы зытым и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м Іэпхъуэшапхъуэхэм я Іуэхухэр зэкІэлъызыгъакІуэ и къулыкъущІапІэм и лэжьакІуэм и махуэщ**

♦**1936 гъэм** КъБАССР-м гъуазджэхэмкІэ и управленэр къызэрагъэпэщащ.

♦**1955 гъэм** къалъхуащ адыгэ усакІуэ, драматург, егъэджакІуэ **ЛІыхэс Мухьдин**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, журналист **Хьэщыкъуей Олег**.

♦**1971 гъэм** къалъхуащ усакІуэ, «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Аброкъуэ Беллэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 23 - 25-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

**Мэкъуауэгъуэм и 15,** ***блыщхьэ***

♦**Жьыбгъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Зи ныбжь хэкІуэтахэм кІэлъызэрахьэ бзаджагъэхэр хэІущІыІу щІыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1561 гъэм** Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) Москва нэсащ.

♦**1892 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Бырс Анзор**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакІуэ **Туаршы Аслъэн**.

♦**1943 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Пщыгъуэш Юрэ**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

***Къытхэхъуащ:***

*Дыгъуасэ* къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 31-рэ. Абыхэм ящыщу 17-р хъыджэбз цІыкІущ, 14-р щІалэщ.

*Мэкъуауэгъуэм зэрыщІидзэрэ* щІыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 268-рэ, *илъэсым и пэщІэдзэм щегъэжьауэ* 3941-рэ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ**.

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Пэжыр зи гъуазэм насыпыр и гъуэгущ.**

**«ЩІыпІэ самоуправленэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым» стІол хъурейр иджыблагъэ КъБКъУ-м щекІуэкІащ. ЗэІущІэр теухуауэ щытащ лъэпкъ куэду зэхэт жылагъуэр зэкъуэгъэувэнымкІэ муниципальнэ къулыкъущІапІэхэм я пщэ къыдэхуэ къалэн нэхъыщхьэхэр гъэбелджылыным, ар махуэ къэс ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм хэгъэхьэным.**

# Жылагъуэр зэкъуагъэувэ

КъБКъУ-м и проректор ГъукІэпщокъуэ Мурат къыщыпсалъэм къыхигъэщащ щІыпІэ самоуправленэр цІыхухэм нэхъ зэрапэгъунэгъур, щІыпІэхэм социально-экономикэ, псэукІэ къалэн пыухыкІахэр зэрыщызэфІихыр. Абы и гугъу ищІащ бжыгъэхэр зи лъабжьэ Іуэху щІэкІэмрэ технологиещІэхэмрэ унафэщІхэм я лэжьыгъэм хэгъэхьэн зэрыхуейм.

- Дэ ди къалэныр муниципалитетхэм я Іэмалхэмрэ хабзэм къигъэувхэмрэ сэбэпынагъ пылъу къэгъэсэбэпынырщ, технологиещІэхэр жылагъуэм хуэлэжьэн, властымрэ цІыхухэмрэ яку дэлъ дзыхьыр нэхъри ягъэбыдэн хуэдэу къэдгъэІурыщІэн папщІэ, щІалэгъуалэр акъыл ІэрыщІым елэжьыным хуэдгъэхьэзырынырщ», - жиІащ проректорым.

КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм Лъэпкъ Іуэхухэмрэ дин зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и къудамэм и унафэщІ Рахаев Мурат къыхигъэщхьэхукІащ зэкъуэтыныгъэр хъумэнымкІэ щІыпІэ самоуправленэм и къалэн нэхъыщхьэу щы: щІыпІэ хабзэхэр къэлъытэныр, цІыхухэм я Іуэху зэІумыбзхэр зэфІэхыныр, хабзэм къезэгъ зэхэтыкІэ зэтегъэувэныр. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ республикэм и жылагъуэ псори къызэщІэзыубыдэ, сыт хуэдэ ныбжьым итри зыхыхьэ Іуэхугъуэ 300-м щІигъу щІыналъэм щрагъэкІуэкІыну план зэрызэхалъхьар.

КъБКъУ-м и ИПЭиФ-м Конституцэ, административнэ хабзэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ Багъэтыр Алим гу лъитащ Урысейм и курыхым къыщхьэщыкІыу, дин зэмылІэужьыгъуэ зезыхьэу, лъэпкъ зэмыщхь къыхэкІауэ къэралым исхэр муниципальнэ щІыналъэхэм нэхъ зэрыщыплъагъур, абыхэм я щхьэхуэныгъэхэм гу нэхъ зэрыщылъыптэр.

ЗэІущІэм хэтхэм онлайн зэпыщІэныгъэкІэ къепсэлъащ УФ-м и МВД-м и университету Москва дэтым и профессор Эриашвили Кикотя Нодари. Абы къыхигъэщхьэхукІащ ди къэралым ис лъэпкъхэм я тхыдэмрэ къежьапІэмрэ псоми пщІэ зэрыхуащІыр. РУДН-м и профессор Чехладзе Леван жиІащ Кавказым щыІэ самоуправленэхэр пасэрей хабзэхэр хъума щыхъуа къулыкъущІапІэу зэрыщытыр, уеблэмэ ахэр жылагъуэ самоорганизацэхэм я «фІыпІэу» къилъытащ.

КъБКъУ-м и студентхэмрэ магистранthэмрэ ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр купщІафІэу къалъытащ ІэщІагъэлІхэм. КъэхутакІуэ ныбжьыщІэхэр хэплъащ зытепсэлъыхь Іуэхугъуэм и лъэныкъуэ псоми, тхыдэми: лъэпкъ-щэнхабзэ автономиехэм я мыхьэнэмрэ правовой нигилизмэм пэщІэтынымрэ къыщыщІэдзауэ жэрдэмщІакІуэ хъууэ зыужьыныгъэм мылъку хэзылъхьэныр зэтеубла зэрыхъунум нэс. Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъахэгъухэм хэкум къэгъэзэжыным, бзэ зэмылІэужьыгъуэхэр хъумэным щІэгъэкъуэн зэрыхуэхъуным ехьэлІа Іуэхухэми я гугъу ящІащ.

Зэхыхьэр къызэрагъэпэщащ Урысейм ХуитыныгъэмкІэ тхыдэджхэм я ассоциацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм, КъБКъУ-м ПравэмкІэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ и институтым, КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министерствэм, КъБР-м ис Муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм. «СтІол хъурейм» и лэжьыгъэм и координатору щытащ ПравэмкІэ, экономикэмрэ финансхэмкІэ институтым Конституцэ, административнэ хабзэмкІэ и кафедрэм и доцент, Ассоциацэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Сатушы Любовь.

**ІЭРЫС Іэсият.**

# Насыпыр щагуэшыр пщэдджыжьырщ

***Налшык и жьантIэу къалъытэ Бгыщхьэ хьэблэм укъыщыхутамэ, Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет тхушэхэм гу лъумытэу уаблэкIыфынукъым. Нэри псэри зыгъатхъэ, щIымахуэми гъэмахуэми зи лъабжьэм уигу къыщызэрыгъуэтыж жыг уардэ щхьэпэлъагэхэм зэрызащыбгъэнщIу, япэу уи нэ къыфIэнэнухэм язщ «Таксим» шхапIэр.***



«КАФЕ-пщэфIапIэ» фIэщыгъэ гъэщIэгъуэнымрэ нэхущым хьэзыр дэхъуа хьэжыгъэхэкIхэм я мэмрэ къыбгурагъаIуэ абы ущIыхьэмэ, узэрыщIемыгъуэжынур. Жьыуэ, сыхьэтихрэ някъуэм зи уэздыгъэхэр къаблэ унэ хэщIыхьа цIыкIур таурыхъым къыхэбэкъукIа фIэкIа пщIэнкъым.

ШхапIэр зейри абы пщафIэ нэхъыжьу щылажьэри Тырку Мэкэнейм илъэс 15 ипэкIэ къикIыжа, нобэ бысымрэ уэршэрэгъурэ къытхуэхъуа Щомахуэ Сезгинщ.

## Си Къэбэрдей! Си Къэбэрдей!

- Сэ Щомахуэхэ сащыщщ, Тэрч, Инарыкъуей къуажэм дыдэкIауэ щытащ. Си къуажэми сыщыIащ, уеблэмэ си адэ къуэшым къызэрызжиIам тету, ди унэр здэщыта щIыпIэр зэзгъэлъэгъуащ. Ауэ къуажэр ипэм къуэладжэм дэсти, ищхьэм къыдрахьеящ. Зи гугъу ищIа унапIэри, псынэри, кхъэри – псори къэзгъуэтыжащ.

**- ЩикIа зэманыр сыт щыгъуэт?**

- Нэмыцэ зауэр иуха нэужь икIахэу аращ. Си Нанэ жиIэжырт: «Дэ ахъшэбохъшэ щхьэкIэ дыкъикIакъым Хэкум. Ди Iиманыр тхъумэн папщIэщ Тыркум дыкъыщIэкIуар. Ди чэтым щIэмыхуэу Iэщ диIащ, итIани, уи адэшхуэм зы сом къиштатэкъым, гъуэгу къыщытехьэм. Дыщэри, дыжьынри, ахъшэри кхъуэщыным итлъхьэщ, ди бжэIупэм Iут жыгым и лъабжьэм щIитIэри, дыкъежьауэ щытащ. ГъуэгупщIэ тхуэхъуну зы сом иIыгъакъым». И псалъэхэр трезгъэтхауэ щытащ дыщыщIалэ зэманым, ауэ тфIэкIуэдыжащ. Си Нанэ и хьэтырщ Къэбэрдейр слъагъуну сыкъызэрыкIуар. СыкъыщыкIуа гъэм мыувыIэу уэшх къешхырт, зы мазэкIэ дыгъэр слъэгъуакъым. «Мы Къэбэрдейм дэнэкIэ дыгъэр къыщыщыкъуэкIыр, сымылъэгъуауэ згъэзэжынукъым», - жысIэрт. Мэлыжьыхь мазэти, ар зэрыщыту дыгъэншэу зэрекIуэкIар сигу къинащ. ДыкъэкIуащ, дыкIуэжащ, хуэмурэ зыгуэрым тедухуэри дыкъэнауэ, долажьэ. «Си Къэбэрдей! Си Къэбэрдей!» - жиIэ зэпытт си анэшхуэм. Сэри «Си Нанэ апхуэдизу зыщIэбэг щIыналъэр, нэгъуэщI мыхъуми, зэ сыкIуэнщи слъагъунщ» жысIэут сыкъызэрежьар. Алыхьым и шыкуркIэ, дыхущIегъуэжакъым дыкъызэрыкIуам. Си IэщIагъэм теухуауэ мы щIыналъэм зыгуэр щIэуэ щыхэслъхьэфмэ жысIэри, аращ нобэми зи ужь ситыр.

## Фадэншэ шхапIэ

Налшык япэу фадэ щызэрамыхьэ шхапIэ къыщызэIузыхахэм язщ Сезгин. Нобэ къалащхьэм и хьэблэ зыбжанэм дэт «ЩIакхъуэ унэхэри», абыхэм щIэт мывэ хьэкухэри, езы шхын зехьэкIэ IэмалыщIэхэри Налшык щызэхэзыублар Щомахуэрщ. Гъэсэн хуэхъуахэм я бжыгъэр цIыху 500-м нэблэгъэнщ, дэтхэнэ зыри и ерыскъыр къызыхэкI IэнатIэ пэрыту.

- Илъэс 15 ипэкIэ, фадэ здэщымыIэ шхапIэ къызэIусхынущ щыжысIам, псори къысщыдыхьэшхырт. «Сыт Iуэху уэ зепхуэр? Фадэ щIэмытмэ, хэт абы къыщIыхьэнур?» - жаIэу. Iэлхьэмдулиллахь. Ди гум илъ фIым гъуэгу игъуэтащ. Ди Iуэхум пыщIауэ дэри хабзэ дахэ гуэр лэжьыгъэм хэтлъхьэфамэ, хъарзынэщ. Тыркум щыпсэу си къуэшхэм пахлава къыщыщIагъэкI фабрикэ ягъэлажьэ. ИпэжыпIэкIэ, си фабрикэр си къуэшхэм къахуэзгъанэри сыкъэкIуэжауэ аращ сэ. Махуэм хуэзэу ачмэрэ пахлавауэ поднос 500 ящIу апхуэдэщ. Къэбэрдейм дыкъызэрыкIуэжрэ, Алыхьым и шыкуркIэ, сом гуэр къэдлэжьыркъым жытIэмэ, пэжкъым. Ауэ Хэкум ахъшэ къыщызлэжьынщ жысIэу сыкъэкIуэжакъым сэ. Сыщыпсэунущ сыкъызэрыкIуар. Гугъуи дехьащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, Тыркум мы къэралым ейуэ зы кхъухьлъатэ къригъэхуэхати, абы щхьэкIэ нэмыплъ къыдатри, занщIэу драдзыжауэ щытащ зызэман. Си жагъуэ Iей хъуат ар. Си кафер зэхуащIри, а махуэ дыдэм драгъэкIыжат. Зы махуэм къриубыдэу, тIэу сыкъыщылъэта къысхуихуащ, сыкърамыгъэхьэу, сыгъыу. Ауэ Алыхьым и шыкуркIэ, псоми дыпхыкIащ.

**- Уи насыпыр текIуащ!**

- Ди насыпыр текIуащ! Аэропортым паспортым щеплъ цIыхубзым жиIэрт: «Сыт мыпхуэдизу мы Къэбэрдейм дэплъагъухьар, мыпхуэдизрэ къыщIэбгъэзэжыр?» ЦIыхум и гур хэлъу щыпсэум деж, нэхъ и гуапэ мэхъу, си шыпхъу. Алыхьым и шыкуркIэ, илъэс 15-м къриубыдэу, мыхьэнэншагъэу зыри зетхьакъым, фIыгъэ фIэкIа.

## Хэкумрэ хьэкумрэ я зэхуакум

Сезгин сыпэплъэу, лэжьакIуэ бзылъхугъэхэм я зым сыдэуэршэрыху, шхапIэм и унафэщIым нэхъыщхьэу далъагъури къэсщIащ: «Апхуэдизкlэ псэ хьэлэлщи, мы кафери абы щIэту хъуари «къызэт» жыпIэмэ, «хьэуэ» хужыIэнукъым. Зыгуэрым ерыскъы уасэ хуримыкъу хъумэ, «ягъэ кIынкъым» жиIэу апхуэдэщ». ЦIыху хьэрэмыгъэншэхэм къащыщI хабзэращи, мы щIалэри яIуэщ и мылъку хьэлэлым мурад бзаджэкIэ къытегушхуахэм. Ауэ фIэщхъуныгъэ куу зыбгъэдэлъ пщафIэ лъэрызехьэр лъэпощхьэпо щхьэкIэ къыпхуэувыIэнухэм ящыщкъым. IуэхуфIым гъуэгу ептыныр тынш дыдэу зэрыщымытыр зэхыуигъащIэ пэтми, нэхъыбэрэ зэхэпхыр «Iэлхьэмдулиллахьщ».

«Алыхьым зыщ сызэрелъэIур, - жеIэ Сезгин. - Ялыхь, си хьэкъыр зышхахэм адрей дунейм шэчыпIэ къащрит. Ахъшэр нобэ уиIэщ. Улажьэмэ. къыпхуэлэжьынущ. Ауэ цIыхум и хьэкъыр пшхымэ, уэллахьи, псори адрей дунейм дыкIуэжынущ, зы цIыху мыбы дыкъыщынэнукъым, мылъкуи здэтхьыфынукъым. Сыт яжесIэн? Ахъшэм псори тещIыхьакъым. Ар нобэ уиIэщ, пщэдей уимыIэнкIи хъунущ. Нобэ уимыIэмэ, пщэдей уиIэнкIи хъунущ, улажьэмэ, уузыншэмэ. Сэ зыми и Iуэху къесхуэкIыркъым. Зыми си Iуэху зэримыхуэнырщ сызыхуейр. Алыхьым и шыкуркIэ, солажьэ, си Iуэхум хьэрэм хэслъхьэркъым. Къэдлэжьыр тшхыжу, мыбы дыщыпсэумэ, аращ дызыхуейр. Сэ ди Хэкур фIыуэ зэрыслъагъум хуэдэу, си фIэщ хъуркъым иджыри зыгуэрым илъагъуу.

**- Уи унагъуэри мыбы къэкIуэжауэ щыпсэурэ?**

- Си унагъуэри къокIуэ, мэкIуэж, си къуэм паспорт къыхудэсхащ. Си пхъур Тыркум щыIэщ...

**- КъэралитI зэхуакум фыдэту ара къыщIэкIынщ?**

- НтIэ, дыдэтщ. Тыркуми хьэдэ щыдиIэщ. Уи хьэдэр пщыгъупщэу, мыбы сыкъэкIуэжыпащ жысIэмэ, пцIы хъунущ. Хуэмурэ...

## Уэ уигу зыхуэмыкIуэр адрейхэм иумыгъэшх

**- ШхапIэхэм я нэхъыбэм тхьэв хьэзыр къагъэщхьэпэ, фэ псори езым фощI.**

- Алыхьым жиIэм, псори сэ сощIыф. Хэкум сыкъызэрихьэжрэ, IэмалыщIэ гуэрхэри къыхэдгъэхьащ. Илъэс 11 фIэкIа сымыхъуу, километр 500-кIэ нэгъуэщI къалэ сыкIуэурэ сылэжьащ, пщэфIэкIэ зыщезгъасэм. Дэ абы щыгъуэ диIэIатэкъым. ЦIыхур зыхэпсэукIын щимыIэм деж, лэжьэн хуейщ. Сэ сыкъызэралъхурэ солажьэ. Иджы, илъэс 15 ипэкIэ згъэлэжьахэм уэрамым сащыхуэзэмэ, «шеф» жаIэурэ IэплIэшхуэхэр къысхуащI. Ауэ ди Iуэхур цIыхум тIэкIу зэрыщымыту къащыгурыIуи урохьэлIэ. Тыркум тшхын щыдмыгъуэту дыкъэкIуэжакъым дэ. IэщIагъэ абы щыдмыгъуэтауэ, е мыхъумыщIагъэ гуэр зетхьауэ аракъым. Ди лъэпкъэгъухэм я гъащIэм сыт фIыуэ хэтлъхьэфын, мы ди Iуэхум теухуауэ? Арат дызэгупсысыр. Сэ нобэ машинэ къэпщэхуурэ щэж къызжепIэмэ, схузэфIэкIынукъым. Сэ мы Iуэхуращ зыхэсщIыкIри схузэфIэкIри.

**- Иджы къэбгъэщхьэпэ Iэмалхэм я гугъу дыгъэщI. Япэу пщэфIапIэхэм мывэ хьэку щIэзыгъэувар уэрауэ зэхэсхат?**

- Алыхьым жиIэмэ, Къэбэрдейм мы ерыскъы зехьэкIэ хабзэри, хьэкури, кафе хьэлэлхэри япэу къэзыхьар сэращ. Мис мы тандыркIэ (мывэ хьэку) бгъажьэ хьэжыгъэхэкIхэри къедгъэжьащ.

**- Мывэ хьэкур сыт газ хьэкум зэрефIэкIыр?**

- Пхъэ мафIэкIэ уопщафIэ. Езы хьэкур зэрыщыту мывэм къыхэщIыкIащ.

**- Пхъэ дэнэ къыздифхыр?**

- Иджыпсту газщ дызэрылажьэр. Ауэ Кэнжэ япэ хьэкур щыщыдгъэувами, Байсултановым, Кулиевым я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм къыщызэIутхауэ щыта шхапIэхэми, «ЩIакхъуэ унэми» дызэрыщыпщэфIар пхъэ мафIэт. Мыбдежым унэ къатхэр зэтетщи, пхъэ мафIэкIэ дыпщэфIэну хуитыныгъэ къыдатыркъым. Газ хьэкуращ дызыхуитри, иджыпсту абыкIэ къыдогъэплъ.

**- Пахлавар тхъуцIынэм зэкIэримыгъэпщIэн папщIэ, сыт тхьэвым епщIэн хуейр?**

- Пахлава пщIыну уи мурадмэ, япэрауэ, къэбгъэщхьэпэ псори фIыуэ щытын хуейщ.

**- Псалъэм папщIэ, хьэжыгъэр?**

- Уи хьэжыгъэри, уи дагъэри, уи дэри, уи хьэкури фIыуэ щытын хуейщ.

**- Уэ сыт хуэдэ дагъэ къэбгъэщхьэпэр?**

- И някъуэр тхъууэ хыдолъхьэ. Зэрыщыту тхъу пщIымэ, хьэлъэ хъунущи, адрей някъуэр маргарину хыдолъхьэ. Дэр нэхъ селIалIэу къыхызох. Нэхъ пуду зыгуэрхэр къэсщэхунщ жысIэркъым.

**- Сыт хуэдэ дэ хэплъхьэр?**

- Алыдж дэ жыхуаIэр хыдолъхьэ, «грецкий орех».

**- Ар адыгэ дэуэ жаIэжащ, тхыдэм къыщагъуэтыжри!**

- НIэ, дэри жытIэнщ (мэдыхьэшх). Хэплъхьэхэм нэмыщI, цIыхум и IэщIагъэр щищIэм деж, езым хуэмышхынур нэгъуэщIым иригъэшхын хуейкъым. Сэ схуэмышхынур, си быным езмыгъэшхынур, Алыхьым жиIэмэ, си шхапIэм къакIуэми езгъэшхынукъым. Къэбэрдейм щызгъэлэжьа псоми ящIэ сэ шхынхэлъхьэ мыхьэнэншэ зэрызезмыхьэр.

**- «УзыхуэпщафIэр фIыуэ плъагъумэщ ерыскъыр IэфI щыхъур», - жиIэрт пщафIэ цIэрыIуэ гуэрым. Уарэзы абыкIэ?**

- Абыи зы пэж гуэр хэлъщ. Сэ зи шхапIэр пщэдджыжьым жьыуэ Iузыххэм сащыщщ. Сыхьэти 6-м зэи фIэзгъэкIакъым Iухыгъуэр, дэнэ сыщылэжьами. А фIыгъэри Къэбэрдейм сэ къыщыхэслъхьащ. «Сыт сыхьэти 6-м щIыIупхыр?» - жаIэурэ къысщыдыхьэшххэрт. «Хэт къэкIуэнур апхуэдэу жьыуэ?» Насыпыр пщэдджыжьращ щагуэшыр. Тыркум дыкъыщалъхуа къуажэм дэса ди анэхэр пщэдджыжьым къэтэджырти, я нэмэзыр ящIа нэужь, КъурIэн тIэкIу еджэхэрт, итIанэ пщIантIэм псы тIэкIу тракIэрти, куэбжэпэм нэс къапхъэнкIырт. Дэ апхуэдэущ дызэресар. ЦIыхум псом япэ и пщIантIэ дыхьэпIэр къабзэу щытын хуейщ. Къэбэрдейм япэу къыщызэIусха шхапIэм щегъэжьауэ, арат щысщIэр. ЯфIэгъэщIэгъуэну къызэплъхэрт а зэманым. Иджы езыхэри есащ.

- **УпхъанкIэу арат?**

- Уей, сыпхъанкIэтэм! ЕмыкIу хэлъкъым абы. Сыт ущIэмыпхъэнкIэнур? Уи пщIантIэр, цIыхум и бжэIупэр къабзэу щытын хуейщ.

**- Я нэгу щIэкI цIыху зэхэтыкIэм теухуауэ псоми зыгуэрхэр яхузэтрехьэ. Ди жылагъуэм дауэ уахэплъэрэ?**

- ЦIыхухэм я дуней тетыкIэм теухуауэ сыт жысIэн? Псори езым я гъащIэщ, я гупсысэр езыхэм я гупсысэщ. Алыхьым Iиман диIэу дигъэпсэуну насып тхуищI. Сэ жысIэфынур аращ.

*Епсэлъар* **ЧЭРИМ Марианнэщ**.

# Хэкупсэу ягъасэ щIэблэр

**Урысейм и махуэм и пэ къихуэу, Бахъсэн щIыналъэм и библиотекэхэм щрагъэкIуэкIащ ныбжьыщIэхэр хэкупсэу гъэсэным, къэралым и тхыдэмрэ дамыгъэхэмрэ ятеухуауэ ящIэм хэгъэхъуэным ехьэлIа Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр.**

ПСАЛЪЭМ къыдэкIуэу жыпIэмэ, Ислъэмей къуажэ дэт модель библиотекэм къыщызэрагъэпэщащ «Урысейр си Хэкущ» щIэныгъэ-нэгузыужь программэр. Абы къыщызэхуэсахэм махуэшхуэм и тхыдэм зыщагъэгъуэзащ, къэрал дамыгъэхэм - гербым, ныпым, гимным - я мыхьэнэр, ахэр къызэрагупсысам теухуа хъыбар купщIафIэхэр къащIащ.

«Урысейм и дамыгъэхэр» Iыхьэ куэду зэхэт джэгукIэм сабийхэм Iэмал щагъуэтащ я щIэныгъэр къапщытэн дэнэ къэна, къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэхэри мыдрей цIыхубэм ящIэхэри ягу къагъэкIыжыну. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэпеуэжу кърабжэкIащ Урысейр уи нэгу къыщIэзыгъэхьэ Iуэхугъуэхэр - мыщэр, матрешкэр, Ут плъыжьыр, нэгъуэщI куэди.

Кыщпэк жылэм дэт модель библиотекэм зэхуишэсащ «Сэ уэ фIыуэ узолъагъу, Урысей» литературэ-усэ зэIущIэм хэтыну гупыж зыщIахэр. Программэм хэтщ Есенин Сергей, Твардовский Александр, иджырей тхакIуэ-усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр, Хэку лъагъуныгъэм теухуа уэрэдхэр. ХьэщIэхэр тепсэлъыхьащ къэрал дамыгъэхэм я мыхьэнэм, уэрэдхэр зэгъусэу жаIащ, Хэкум хуэгъэпса хъуэхъухэр зытет, тхылъымпIэм къыхэщIыкIа кхъухьлъатэхэр яутIыпщыну ягъэхьэзыращ.

Район библиотекэ нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщащ «Урысейр къэрал щхьэхуитщ» зэпсэлъэныгъэр. Абы щызэхуэсахэм къэрал щхьэхуитыныгъэм теухуа Декларацэр къызэращтам и тхыдэм, Конституцэм и Iыхьэ нэхъыщхьэхэм, къэралым и хабзэхэм я гугъу ящIащ. Апхуэдэ зэIущIэхэр сэбэп мэхъу Урысей къэралыгъуэм и хабзэхэмрэ тхыдэмрэ къыдэкIуэтей щIэблэм нэхъ кууэ ягурыгъэIуэнымкIэ.

Зэхыхьэхэр ягъэбей «РоссиЯ в книгах и судьбах» тхылъ гъэлъэгъуэныгъэхэм.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**



# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, мэкъуауэгъуэм и 15

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 22.55** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.30** Д/с «Вторжение» (16+)
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «АЛЛИГАТОР» (16+)
**00.05** «Время героев» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.15** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.30, 09.10, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**08.25** Д/ф «Инженеры Победы. Народный ВПК» (16+)
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Х/ф «ЛЕШИЙ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** «Ч.Т.Д.» с Маргаритой Симоньян (16+)
**01.15** Т/с «РИКОШЕТ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.10** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 13.25** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.05, 17.15** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**03.05** Х/ф «СЫНОВЬЯ БОЛЬШОЙ МЕДВЕДИЦЫ» (16+)
**04.30** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/ф «Роман в камне»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.40** Х/ф «ЛЕТУЧАЯ МЫШЬ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 00.00** «ХХ век»
**12.10** Д/ц «Первые в мире»
**12.45, 23.05** Д/с «Великие мегаполисы древности»
**13.40** Линия жизни
**14.35** «Кто есть кто?» Телеспектакль. Запись 1977 года. 90 лет со дня рождения Михаила Державина
**15.35** Эпизоды
**16.20** Д/ф «Эффект Айвазовского»
**17.15** Д/ф «Голос Псковской земли»
**18.00** Рассказы из русской истории
**19.45** Главная роль
**20.05** Библейский сюжет
**20.35** Д/ф «Подлинная история королевских мушкетеров»
**21.30** Х/ф «Д'АРТАНЬЯН И ТРИ МУШКЕТЕРА» (16+)
**00.55** Симфонические оркестры России
**02.15** Истории города N с Пьером Буренем

### МАТЧ!

**06.00** Футбол. Швеция - Тунис. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из Мексики
**07.00, 18.00, 21.00, 00.00, 03.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Нидерланды - Япония. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.40** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**13.00, 17.55** Новости
**13.05** Футбол. Кот-д'Ивуар - Эквадор. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**15.15** Футбол. Швеция - Тунис. Чемпионат мира-2026. Трансляция из Мексики (6+)
**17.25** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**18.40** Футбол. Испания - Кабо-Верде. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**21.40** Футбол. Бельгия - Египет. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**00.40** Футбол. Саудовская Аравия - Уругвай. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**03.40** Футбол. Иран - Новая Зеландия. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США

## Гъубж, мэкъуауэгъуэм и 16

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское»
**18.00** Вечерние новости
**18.30** Д/с «Вторжение» (16+)
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «АЛЛИГАТОР» (16+)
**00.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.15** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.55, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Х/ф «ЛЕШИЙ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** «Захар Прилепин. Уроки русского» (16+)
**01.15** Т/с «РИКОШЕТ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.15** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 13.25** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.05, 17.15** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого». «Штурм призраков. Загадка невидимых подразделений в Донбассе» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**03.10** Х/ф «В КВАДРАТЕ 45» (16+)
**04.25** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30, 02.15** Истории города N с Пьером Буренем
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50, 12.45, 23.05** Д/с «Великие мегаполисы древности»
**08.50** Х/ф «К РАССЛЕДОВАНИЮ ПРИСТУПИТЬ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 00.05** «ХХ век»
**13.45, 21.30** Х/ф «Д'АРТАНЬЯН И ТРИ МУШКЕТЕРА» (16+)
**15.15** Д/с «Забытое ремесло»
**15.30** «2 Верник 2»
**16.30** Эрмитаж
**17.15, 01.20** Симфонические оркестры России
**18.45** Эпизоды
**19.45** Главная роль
**20.00** Библейский сюжет
**20.30** Белая студия

### МАТЧ!

**06.00, 18.00, 21.00, 00.00, 03.00** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.30** Футбол. Испания - Кабо-Верде. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**11.40** Улетный футбол. Прямая трансляция
**12.30** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**13.00, 17.55** Новости
**13.05** Футбол. Бельгия - Египет. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**15.15** Футбол. Саудовская Аравия - Уругвай. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**17.25** Футбол. Чемпионат мира-2026. Обзор (6+)
**18.50** Футбол. Иран - Новая Зеландия. Чемпионат мира-2026. Трансляция из США (6+)
**21.40** Футбол. Франция - Сенегал. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**00.40** Футбол. Ирак - Норвегия. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США
**03.40** Футбол. Аргентина - Алжир. Чемпионат мира-2026. Прямая трансляция из США

## Бэрэжьей, мэкъуауэгъуэм и 17

### Первый канал

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00, 23.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** Давай поженимся! (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.30** Д/с «Вторжение» (16+)
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**22.00** Т/с «АЛЛИГАТОР» (16+)
**00.00** «Шоу Вована и Лексуса» (16+)
**01.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 16.30, 20.00, 03.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** «Малахов» (16+)
**18.00** «60 минут» (12+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «ЗАГЛЯНИ ЕМУ В ГОЛОВУ» (16+)
**23.40** Вечер с Владимиром Соловьевым (12+)
**02.15** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**03.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)

### НТВ

**04.40, 08.25, 10.35** Т/с «ПЕС» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.20** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Х/ф «ЛЕШИЙ» (16+)
**22.15** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**00.40** Т/с «БАЛАБОЛ» (16+)
**02.50** Т/с «РИКОШЕТ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.10** Т/с «ШТРАФНИК» (16+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 13.25** Т/с «СОБОР» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**15.05, 17.15** Т/с «СОБОР» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.40** «Специальный репортаж» (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Секретные материалы». Документальный сериал. «Секрет «проекта 20-25». Зачем Трампу ядерные испытания?» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Т/с «СЕМНАДЦАТЬ МГНОВЕНИЙ ВЕСНЫ» (16+)
**03.15** Х/ф «МАКСИМКА» (16+)
**04.30** Х/ф «СЛЕД СОКОЛА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30, 02.00** Истории города N с Пьером Буренем
**07.20** Легенды мирового кино
**07.50, 12.45, 23.05** Д/с «Великие мегаполисы древности»
**08.50** Х/ф «К РАССЛЕДОВАНИЮ ПРИСТУПИТЬ» (16+)
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30** Новости культуры
**10.15** Наблюдатель
**11.15, 00.00** «ХХ век»
**13.45, 21.30** Х/ф «Д'АРТАНЬЯН И ТРИ МУШКЕТЕРА» (16+)
**15.20** Д/с «Забытое ремесло»
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Уэрэдымрэ абы и тхыдэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Дэрэжэгъуэ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30** - **24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, мэкъуауэгъуэм и 21**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44 - 7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Акъылманла сёзлери». (16+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Айсурат» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усыгъэм и толъкъун (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)

# Къахуэмыгъэlурыщlа лlыхъужьым и дунейм

***Гуащlэрэ гуащlафlэрэ, жаlэ адыгэхэм. Зи гуащlэр зыдэзыщlэж цlыхум и зэхэщlыкlыр къытекlуэмэ, ар фlым зэрыхуигъэлъэщэнум, щхьэпагъ къызыхэкl lуэхугъуэм зэрыхуигъэлэжьэнум шэч хэлъкъым. Гуащlафlэ жыхуаlэри аращ. lэмалыншэу щыткъым гуащlэр къарум епхауэ щымытынкlэ. Къарум быдапlэхэр зэриухуэм хуэдэу, къызэтрикъутэжынкlэ хъунущ. Ауэ щlэныгъэр, гупсысэкlэр, lуэху щlэкlэр нэхъыбэм къагъэхъу-къагъэунэхуу аращи, адыгэ дуней лъагъукlэм абы гуащlэкlэ уеджэну хуит уещl. Зи гуащlэр гуащlафlэу къызэрызыгъэкlхэм ящыщщ хамэщl къыщыхъуа ди лъэпкъэгъу сурэтыщl Чэгъэду Бэрзэдж (Кахадо Зако). Адэжь лъахэм къыпыщlауэ, зыщыщ лъэпкъым и дунейр къызэкlуэцlыхыным и зэфlэкlхэр хуэгъэпсауэ зи лэжьыгъэхэр дунейм къытезыгъэхьэ цlыхущ Бэрзэдж.***



БЭРБЭЧ Хьэтlутlэ и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым архитектурэмкlэ, ухуэныгъэмрэ дизайн хуэlухуэщlэхэмкlэ и институтым щеджэхэр иджыблагъэ щыlащ абы Хэкум къыщызэlуиха, «Къахуэмыгъэlурыщlа лlыхъужь» зыфlищагъэлъэгъуэныгъэм. Сурэт теплъэгъуэхэм зыщагъэгъуазэм къыщымынэу, щlалэгъуалэм lэмал яlащ сурэтыщlым епсэлъылlэу и lуэху еплъыкlэхэр, утыку кърихьа лэжьыгъэр зытеухуар, абы тегъэщlапlэу иlэ тхыдэ lуэхугъуэхэр зрагъэщlэну. Къыхэгъэщын хуейщ зэlущlэм лъэпкъ гупсысэкlэм дамыгъэ хуэхъу щапхъэхэр къыхэгъэщыным, иджырей художественнэ lэмалхэмкlэ, монумент гъэпсыкlэхэмкlэ, щlыдэлъху хъугъуэфlыгъуэхэмкlэ а дамыгъэхэр lупщlу къэщlауэ гъуазджэм и бзэкlэ къэгъэпсэлъэным пыщlауэ Чэгъэду Бэрзэдж псалъэмакъ щхьэпэ щlалэгъуалэм зэрадригъэкlуэкlар.

Езы lуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмыр КъБКъУ-м архитектурэмрэ дизайн хуэlухуэщlэхэмкlэ и кафедрэм и лэжьакlуэ нэхъыжь, Пащты Герман и цlэр зезыхьэ лъэщапlэм и унафэщl Щоджэн Залинэщ. Абы ищlа гукъэкlыр КъБР-м и цlыхубэ сурэтыщl Пащты Алим щыбгъэдилъхьэм, игъуэу, ныбжьыщlэхэм къыхаха гъуэгум зиубгъунымкlэ мыхьэнэ иlэу къилъытащ икlи сурэтыщlым драгъэкlуэкlыну зэlущlэр къызэрагъэпэщащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм ирихьэлlа щlалэгъуалэр сурэтыщl цlэрыlуэм нэlуасэ щыхуэхъум, псоми ягъэщlэгъуащ ар къабзэу адыгэбзэкlи, инджылызыбзэкlи, урысыбзэкlи зэрыпсалъэр, зыпэрыт lэнатlэм епха фlэщыгъэхэр бзэхэмкlэ хуиту къызэриlуэтэфыр. Псалъэмакъым и ублапlэм деж Чэгъэдум къыщыхигъэщащ цlыхухэр зэрызэпсалъэ бзэр тхьэкlумэкlэ зэхахын хуейм къыщымыувыlэу, гумрэ псэмрэ зыхащlэуи щытын зэрыхуейр, плъагъум къыбжиlэнкlэ хъунуми куэд дыдэ зэрыхэлъыр. Апхуэдэу абы студентхэм гу лъаригъэтащ къиlуэтэну зыхуей lуэхугъуэхэр къанэ щымыlэу адыгэ гупсысэкlэм зэрыпыщlам.

- Си сурэтхэм лъэпкъ тхыдэм щыщ теплъэгъуэ куэд нэгум къызэрыщlагъэувэр, абыхэм еплъхэр я лъэпкъыщхьэм егупсысын щытыкlэм зэрырагъэувэр, нэхъыщхьэращи, даlуэу адыгэбзэр зэрызэхахым хуэдэу, щеплъкlи, а сурэтхэр адыгэбзэкlи къазэрепсалъэр хьэкъыу къащтэн зэрыхуейр щlагъщlэлъыбзэуи нахуэбзэуи хэлъэгъуапхъэщ. Гу лъытэгъуейкъым дызэса чэтэн сурэт къызэрыгуэкlхэм хуэдэ мы гъэлъэгъуэныгъэм зэрыхэмытым. Апхуэдэ бгъэдыхьэкlэм зыпыlуздзащ, монумент сурэт щlыкlэр мызыгъуэгум къыхэсхащ. Сурэт гъэлъэгъуапlэм и лъагагъымрэ и бгъуагъымрэ хуэфlу хэувэ сурэтым пхъэр лъабжьэ хузощl, мывэрэ пасэрей хьэпшыпкlэ согъэщlэращlэ, теплъэгъуэм къиlуэтэну сызыхущlэкъур нэсу къэзгъэлъэгъуэн папщlэ, щlыгулъри ятlагъуэри, дагъэри лапхъэри хызолъхьэ. Сэ ар къызэрыслъытэр сурэтеплъыр пасэрей дунейм хэзышэ lэмалущ. Сурэтым еплъым къыгурыlуэнущ гъуазджэм хэтхэр архаикэкlэ зэджэ бгъэдыхьэкlэм щlагъуэу сыкъызэрытемыкlыр. Ар си эстетикэ зыхэщlэращ. Блэкlам и хуэмэбжьымэхэр сурэтхэм къатещ къудей мыхъуу, абыхэм зэщlаlыгъэу, нэгъуэщlыпlэкlэ ирамыгъэплъэкlыу тхыдэжьым хэзышэ lуэху щlэкlэращ lэгъуэу къэзгъэсэбэпри, абы сурэтеплъыр тlэкlу lэнкун ищlынкlэ, илъагъу дахагъым хэлъ гугъэузыр зыхригъэщlэнкlэ хъунущ. Ар зыгуэрхэм кlыфlыгъэу къалъытэнщ, нэгъуэщlхэм гугъапlэу къащыхъунщ, нэхугъэр къызыпхыпс фlыцlагъэ жыжьэу къэзылъагъуни къыхэкlынщ. Зым дежи къуаншагъэ щыплъагъу хъунукъым: щхьэж и гузыхэщlэр зэрыхуейм хуэдэу къызэригъэкlыну lэмали хуитыныгъи иlэщ, – жеlэ Чэгъэдум.

Сурэтыщlым зи гугъу ищl кlыфlыгъэр, пэж дыдэу, теплъэгъуэхэм уащыхэплъэкlэ, яхыумылъэгъуэнкlэ lэмал зимыlэщ. Ар лlыгъэщlапlэ lэнатlэщ, лlыхъужьыр, зауэлlыр, зекlуэлlыр иту. Шыбгым исым lэщэ пылъщ, lэщэ зыlыгъыр зэуапlэм итщ. Ауэ «зэуапlэ» псалъэр лъыгъэжапlэу къыумыщтэу, зыхъумэжыпlэуи къэлъагъун хуейуэ къыщlэкlынущ. Сыт хуэдэ лlыгъэми уасэ щlэтын хуейщ. Хэкур хъумэным, адэжь унэм и жьэгу мафlэр зэхэмыгъэкlыжыным нэхъапэкlэ лъы уасэ щlату щытамэ, иджырей дунейм лъэпкъыщхьэр хъумэным, адыгагъэр къызэтенэным, анэдэлъхубзэр зыlэщlэмыгъэхуным уасэ щlыдот. Гуузщ, ауэ зыкъом кlэрыхунущ, къэнаращ «адыгэ» псалъэмрэ ар къызэфlэзыгъэувэ пкъыгъуэхэмрэ адэкlэ зезыгъэужьынур.

ЖытlамкIи щапхъэщ Чэгъэду Бэрзэдж и гъэлъэгъуэныгъэм курых хуэхъу, «Шу закъуэ» фlэщыгъэр зиlэ сурэтыр. Шу закъуэр сыт щыгъуи щхьэхуитщ, здэкlуэнумкlи ищlэнумкlи хуиту. Аращ сурэт теплъэгъуэхэм я щlагъыбзэр зэрыщыткlэ къызэщlэзыкъуэри. Шу закъуэр гъуэгуанэ тетщ, ар епсыхыркъым, шыр щыхигъэпщын щlыпlи къилъыхъуэркъым – и теплъэм къимыlуатэ щхьэкlэ, игукlэ шынагъэ иlэщ: къэувылlэмэ, щlэхункlэ мэгумэщl. Сурэтыщlыр хамэщl къыщыхъуа адыгэ щlалэщ. Ар щыпсэу щlыпlэмрэ адэжь лъахэмрэ я зэхуакум хышхуэ итщ, къэралыгъуэбэр дэтщ. Езы Чэгъэдум шу закъуэу зыкъелъытэж, абы зэригъэувымкlэ, фlэкlуэдахэмрэ зригъэгъуэтхэмрэ щызэпишачэу къызэрыкlуэ гъуэгур зыкъомкlи шынагъуэщ, зыкъомкlи узыгъэгугъэщ. Щlэшынагъуэр лъэпкъыр кlуэдыным дытегузэвыхьу зэрыщытырщ. Щlэгугъапlэр, сыттфlэмыкlуэдми, псэкlэдыщызэхуэсыжыфын зы дуней къытхуэгъэщlыну lэмал зэрыщыlэращ. Шу закъуэр мэгугъэ, ар епсыхынукъым, аращ ар къещэ къарухэм щlахуэмыгъэlурыщlэнур, гукъуэпскlэ зэпха щlыналъэм щlрамычыфынур. Шу закъуэр зытет гъуэгум сурэтыщlыр таурыхъ кlыхькlэ йоджэ... Щlэтаурыхъыр иджы хъыбар е нахуапlэ хъуакъыми аращ, щlэкlыхьыр тхыдэм щыгъуазэ дэтхэнэми мыбзаджэу хещlыкl...

Чэгъэду Бэрзэдж и lэдакъэщlэкlхэм гурыщlэ куэд къызэрызэщагъэуамкlэ зеумысыж.

- Фlы дыдэу къызгуроlуэ сурэтхэм зигу къызэфlигъэнэн, щымыlэнкlэ хъунум дрегъэхъуапсэ, абы сыт хуэдэ фlагъ пылъыр, жызыlэни зэрыщыlэнур. Апхуэдэ дыдэуи хьэкъыу сощlэ а сурэтхэм къагъэгубжьын, арыххэуи, щымыlэр къигъэщlыну щlыпылъыр сыт, жаlэу зыгуэрхэр къэувынкlэ зэрыхъунури. Сыхущlэкъуащ лъагэр къызэрыгуэкlым, зэрыуэзэрыбг мыхъуу къэтлъытэм псынщlагъ гуэр хэслъхьэу, сурэтеплъым и гурыщlэ зэщымыщ къомыр къызэрызэщызгъэуным, губжьри гуапэри зэхэту къызэрызгъэушыным. Ар къызэхъулlамэ, мы сурэт гъэлъэгъуэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр игъэзэщlауэ къэслъытэнущ, – жиlащ Чэгъэдум.

Теплъэгъуэхэр гъэщlэгъуэн къызыщыхъуа ныбжьыщlэхэм къыхагъэщащ сурэтыщlым и лэжьэкlэр зыми зэремыщхьыр, утыку кърихьэ хъэтlым «Чэгъэду» цlэр зэрызэрихьэр, lэдакъэщlэкlхэм я теплъэри, я курыхри, я щlыкlэри щlэныгъэ щхьэхуэ зэрырикъур. Апхуэдэу илъэгъуамрэ зыхихамрэ ехьэлlауэ Щоджэн Залинэ жиlащ:

– Дизайн хуэlухуэщlэхэмрэ архитектурэмрэ хуеджэ студентхэм я дежкlэ лъапlэ дыдэщ зи хъэтl щхьэхуэ зиlэж Чэгъэду Бэрзэдж нэlуасэ зэрыхуэхъуар, абы и лэжьэкlэм нэlуасэ зыхуащlыну lэмал зэраlар. Дэтхэнэ зы адыгэми хуэдэу, зыхызощlэ икlи сагъэгумащlэ хамэщl къыщыхъуа ди лъэпкъэгъу щlалэм и гупсысэхэм, зытет дунейр зэрилъагъу щlыкlэхэм. Ди лъэпкъыр щlы хъурейм тезыпхъа тхыдэ къэхъугъэхэр игъащlэкlэ дыркъуэу ттелъынущ, абы къыхэкl дерсхэм lэджэ щэнхабзэ икlи гъуазджэ лъапlэныгъэхэр къигъэщlынущ. Лъэпкъымкlэ гууз зиlэм Чэгъэдум и сурэтхэм къапсэлъыр зыхимыхынкlэ lэмал иlэкъым. Ар зы лъэныкъуэкlэ. Нэгъуэщl лъэныкъуэкlэ укъыбгъэдыхьэмэ, сурэтыщlым lэмал гъуэзэджэ иlэщ адыгэ гупсысэмрэ дуней лъагъукlэмрэ лъэпкъыбэм ялъигъэlэсыну. Ар зэрыпсалъэ бзэр зэрыгъэщlэгъуэн дыдэм ещхьу, и лэжьэкlэри унейщ, удэзыхьэхщ, узыlэпызышэщ. Псалъэм и хьэтыркlэ, телъыджэ дыдэщ адыгэхэм морафэ жыхуэтlэр лапхъэкlэ мыхъуу ятlагъуэкlэ сурэтым зэрыхилъхьэр. Ар плъыфэ гъэнщlащи, теплъэгъуэм и хъыбарыр ирегъэшэщl, ущеплъкlэ укъыбгъэдэмыкlыжыфу. Чэгъэдум езым и технологие иlэжщи, псыкlэ зэlыха щlыгулъымрэ ятlагъуэмрэ сурэтым тригъэзагъэу гъуща нэужь, къэчэжыркъым, къыкlэрылъэлъыжыркъым, атlэ быдэу чэтэным хопщlэ, lуданэкlэ кърахa фlэкlа умыщlэу. Мыр lэщlагъэм фlыуэ хэзыщlыкl цlыхум и макъыр иджырей гъуазджэм лъэщу зэрыщигъэlу бгъэдыхьэкlэщ, адыгэм и цlэр гъуазджэ дунейм лъэ быдэкlэ хэзыгъэувэ lуэху щlэкlэщ, – жеlэ илъагъур зыфlэгъэщlэгъуэн Щоджэн Залинэ.

Фигу къэдгъэкlыжынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрым зи lэдакъэщlэкlхэр щызыгъэлъагъуэ сурэтыщlыр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хыхьэ Нью-Джерси щlыналъэм Паттерсонкlэ зэджэ къалэ цlыкlум къыщалъхуа адыгэ щlалэщ. Илъэс 12 и ныбжьу Иордание Пащтыхьыгъуэм lэпхъуэри, Амман къалэм дэт Дунейпсо Адыгэ Еджапlэм щеджащ, абдеж адыгэбзэр кууэ щызригъэщlащ. Адэ-анэр щlэхъуэпсырт Чэгъэду Бэрзэдж политикэ lэнатlэ гуэрым пэрагъэувэнуи, Америкэм игъэзэжа нэужь, политологыу еджэну университетым щlагъэтlысхьащ. Ауэ, зэрынэрылъагъущи, абы и гъащlэри и щыlэныгъэри зыхилъэгъуари къыщигъуэтари сурэт гъуазджэращ.

Чэгъэдум и лэжьыгъэхэмкlэ къиlуэтэну зыхуей гупсысэм лъэlэсын папщlэ, пасэрей адыгэ фащэмрэ унэлъащlэмрэ я пкъыгъуэ куэд хеухуанэ. Нэхъыбэу и лэжьыгъэхэр зытриухуэр Адыгэ Хэкурщ, къигъэсэбэпыр тхыдэм щыщ lуэхугъуэхэм я закъуэкъым. Ар фlы дыдэу щыгъуазэщ lуэрыlуатэм, мыбзаджэу хещlыкl «Нартхэр» лlыхъужь эпосым. Абыхэм къахих гупсысэхэм псэщlэ яlуегъакlэри, гъуазджэм зы телъыджэ къыхелъхьэ.

Чэгъэду Бэрзэдж, гъуазджэ лэжьакlуэхэм Кахадо Зако цlэмкlэ яцlыхум, адэжь лъахэм сурэт гъэлъэгъуэныгъитl къыщызэригъэпэщащ. Апхуэдэу абы 2021 гъэм къызэlуихауэ щытащ «Щыlэныгъэмрэ зэдэщыlэныгъэмрэ» зи фlэщыгъэ гъэлъэгъуэныгъэр. Абы къыпищэ хуэдэщ «Къахуэмыгъэlурыщlа лlыхъужьым».

Зи lэдакъэщlэкlхэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Франджым, Урысейм щызыгъэлъэгъуа сурэтыщl цlэрыlуэм и гъэлъэгъуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум и щlыхькlэ къызэlуаха жыг хадэм ит Иджырей гъуазджэм и унэм иджыри щекlуэкlынущ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал**.




● Жыlэгъуэхэр

# Фыгъуэм мыгъуэ къехь

♦ **Нобэ зумыхьа цIыхугъэм пщэдей умылъыхъуэж.**
♦ **Псалъэ гуауэр шэм нэхърэ нэхъ гуащIэу мауэ.**
♦ **Сыт хуэдизу лъагэу удэмыкIуеями, укъыщежьам бгъэзэжынущ.**
♦ **Уи щхьэ ущытхъужыху, къыпщытхъум хощI.**
♦ **УкIытэ зыхэмылъым сыт хуэдэ икIагъэри къерегъэзэгъ.**
♦ **Фадафэ зи тхьэмадэ гупым къаугъэ хуэщщ.**
♦ **Фыгъуэм мыгъуэ къехь.**
♦ **Хабзэ зыхэмылъым и сэлам къудейри гурымыхьщ.**
♦ **Хъуэхъури зэрыжаIэм елъыташ – хъуанэу къыщыщIидзыжи щыIэщ.**

ГУБЭЩIЫКI Владимир.



● Шхыныгъуэ

# ДзасэкIэ гъэжьа мэлылрэ кIапэрэ

Нэхъ къызыхэщIыкIыпхъэр лыпцIэщ, куэлым е тхыцIэлым щыщу. ЛыпцIэр псы щIыIэкIэ ятхьэщI, тIэкIу ягъэжэпхъри, г 25 - 30 хъу тыкъыр цIыкIуурэ яупщIатэ. Ещхьыркъабзэу мэл кIапэри яупщIатэ, г 30 - 35-рэ хъууэ. Лы, кIапэ упщIэтахэр тепщэчым иралъхьэ, абы шыгъу хадзэ, бжьыныщхьэ упщIэта халъхьэ, шыбжий сыр хьэжа трагъэщащэ, псы щIыIэ тIэкIу хакIэри, фIыуэ зэIащIэ. И псыр къыщIахун щхьэкIэ бжьыныр фIыуэ зэхапIытIэ. Бжьыныпсым лыр щабэ ещIри, жьэгъуафIэ мэхъу.

Апхуэдэу зэхалъхьа лыр, кIапэр и щхьэр тепIауэ дакъикъэ 20 - 30 хуэдизкIэ щIыIапIэ ягъэув, нэхъ зэхэшыпсыхьын щхьэкIэ. Абы и ужькIэ лыми кIапэми кIэрылъ бжьын упщIэтахэр кIэрахри дзасэм япэщIыкIэ лыр фIаIу, итIанэ - кIапэ тыкъырыр. Апхуэдэурэ дзасэм фIэхуэр фIалъхьэри, ар ягъэкIэрахъуэурэ тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажьэ, шыбжиипс траутхэурэ.

Хьэзыр хъуа шхыныгъуэр дзасэм къыфIахри, тепщэчым и кум иралъхьэ, и бгъуитIымкIи бжьын цIынэ гуалъхьэ. Пщтыру яшх, пIастэ хуабэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ и гъусэу. Трафыхьыж шхупс, шэ хуабэ, махъсымэ. Мы ерыскъыгъуэр нэхъ щапщэфIыр гъатхэм дежщ.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):*** мэлылу - г 200, кIапэу - г 200, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 60, псы щIыIэу - г 100, бжьын цIынэу - г 50, шыгъуу, шыбжийуэ, шыбжиипсу - узыхуейм хуэдиз.

● Къуалэбзухэр

# Бгъащхъуэ



Бгъэ лIэужьыгъуэм я нэхъ пIащэщ. И дамэхэр хуэIузэ кIыхьщ, кIэр хъурейщ, лъэдийхэм цы ятетщ. И теплъэм и плъыфэр гъуабжэ-фIыцIафэщ, бгъэгур, кIэбдзыр нэхъ гъуатIэ-дыщафэщ, пщэ, щхьэ щIыбхэр гъуафэщ.

Бгъащхъуэхэр щопсэу Кавказым нэмыщI, Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэхэми, нэгъуэщI къэралхэми я бгыщхьэхэм, мэзхэм, къумхэм. Абгъуэ щаухуэ къырхэми жыгыщхьэ лъагэхэми. Абыхэм къащэкIу мэзбжэн, щыхьхэм я щIэжьей, тхьэкIумэкIыхь, къуалэбзу пIащэ, нэгъуэщIхэри. Кавказым щыIэхэр мэгъуэлъхьэж гъатхэпэ мазэм, къэралым и ищхъэрэ мэзылъэхэр зи хэщIапIэхэр – мэлыжьыхьым. Кърашыр зыщ е тIущ.

Бгъащхъуэхэр ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум игъасэрэ ирищакIуэу къекIуэкIащ, ар къыхощыж нарт эпосым. Иджыри абыхэм щрощакIуэ Къэзахъстаным, Къыргъызым.

«Бгъащхъуэ гушхуар жьындум пэщIэхуэри ишхащ» псалъэжьым «уи къарум укъигъэгугъэу ущымыкI» жыхуиIэщ.

● Гурылъ темыпыIэхэр

# «Ар» апхуэдизкIэ дахэщи...

Щхьэ мыпхуэдэу плъыжь укъэхъуа? Си плъэгъуэм уигу зэшыр къызэщIигъэстауэ ара? Сэ сынышIоплъар узгъэукIытэну аратэкъым! Сэ си гугъащ си гуфIэгъуэ плъэкIэм уэри уригуфIэну. Сыт апхуэдизу псэ къабзэм ешыкъылIар? Сыт мы си нитIым къыбжаIар, абыхэм къыщIэбджыкIар?

Сэ сынышIоплъар, си гур щэхуу къодэхэщIати, си псэр гурыщIэ абрагъуэкIэ къыпхуэхъуапсэти аращ.

* * *

Сэ вагъуэхэм сащеплъкIэ, ахэр погуфIыкI: «Сыт, цIыху, укъыщIыдэплъыр?» - жаIэри. Ахэр нурыбэу гуфIэн ирикъуа нэужь, сэ щэхуу яжызоIэ: «Ари» фэ фэщхьщи аращ». Ахэр зэуэ нэщхъей мэхъужри зоупщIыжхэр: «ЩIыми дэ тхуэдэ щыIэ-тIэ?» - жаIэри.

Абы и жэуап вагъуэхэм щамыгъуэткIэ, сэ аргуэру ахэм яжызоIэ: «Ар» апхуэдизкIэ дахэщи, фэ псори фофэгъуэкI «Абы».

* * *

Уи гум и дыхьэпIэр мыл куэбжэкIэ хуэщIамэ, сэ гъатхэ щIэращIэм дыгъэпс уэзджынэ къеIысхынщи, абыкIэ зы дакъикъэм къэзгъэвыжынщ. Сэ щхьэ закъуэ зэшыгъуэ къыстеуэу аракъым, Уи мыл куэбжэ дыхьэпIэм деж сынакIуэу, дыгъэпс уэзджынэкIэ ар щIэзгъэвыжынур, атIэ Уэ мыл щыIэ зэпытым укъыхэсшу зэ закъуэ псэм и хъуэпсапIэ гъатхэм укъыхэсшэн жызоIэри аращ. Уэ, дауи, пщIэркъым лъагъуныгъэ жылэр къыщыкIыр гъатхэм и губгъуэр зэрыарар.

Гъатхэращ лъагъуныгъэр. Лъагъуныгъэри гъатхэ мыухыжщ.

ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.

# Iуэм иубыдэ

● ГушыIэ

Беижь гуэрым и лIыщIэхэм я мэкъуауэкIэм еплъыну шы-уанэ зэтрилъхьэу здэщытым, Дизыкъуажэ бгъэдыхьащ. Шым гъудэ пIащэ зытхух къыкIэрыхъыжьати, зэмыуэкIыу зы дакъикъэ щигъэтыртэкъым. Абы Дизыкъуажэ гу щылъитэм:

- Уэлэхьи, зиусхьэн, - жиIащ абы, - а иджыпсту щыщIэдзауэ къыпкIэрыхъыжьахэм тыншыгъуэ къуамытын.

АтIэ сыт Iэмалыр, мы бзаджэнаджэхэм щIопщымкIэ соуэри – техуэркъым, Iузохури – напIэзыпIэм къосыж.

- Щымыхъужыххэкlэ Iуэм иубыдэ-тIэ, - жиIэри къыIукIыжащ Дизыкъуажэ.

Абы жиIар и фIэщ хъуауэ, беижьым гъудэхэр зыкъомрэ кърихуэкIри, итIанэ шыр Iуэм иришащ. Шым и гъусэу гъудэхэр Iуэм щилъатэм: «Иджы фэ фхуэфI сэ сыхъунщ», - жиIэурэ шыр кърищыжри, Iуэбжэр кърипхыжащ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Адыгэ шхыныгъуэ - лы пшэр убам бжьын, бжьыныху хэупщIэтауэ, абыкIэ кIэтIий гъэкъэбзар якудэри ягъэжьэж. **3**. Урок, унэ лэжьыгъэ. **7**. Адыгэ цIыхубз фащэм щыщ. **8**. Тхьэмахуэ зэхуакум щыщу гъубжым къыкIэлъыкIуэ махуэр. **11**. ГъущIым, шыгуным, гъуаплъэм къыхэщIыкIа уэзджынэ ин. **13**. Пкъыгъуэ, хьэпшып гуэрым и плIанэпэхэм ящыщ зы. **14**. Нартыху хьэжыгъэ хаудэурэ ягъэхьэзыр хьэнтхъупс.

***Къехыу:*** **1**. НэщIащэм кууурэ ис нэ. **2**. Мащэ, уэх, къиуда. 4. ЗыщI нэхърэ ... нэхъ Iэзэщ *(псалъэжь)*. **5**. Хьэуам хэт е зыгуэрым трищIа фIей щащэ. **6**. Зи тхьэмпэ фIэIухэр пшхы хъу удз лъэпкъ.**9**. Унащхьэр щIиIыгъэу ухуэныгъэм и блынхэм зэпрыууэ къытелъ пхъэ гъум кIыхь. **10**. ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэша удз лъэпкъ, я тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэу, кIы кIыхь яIэу, гъэгъа шакъафэхэр, къащхъуафэхэр гъатхэм пасэу къыпидзэу. **11**. Хьэфэм е фэм къыхащIыкIыу ягъэпща зэрыджэгу хьэпшып. **12**. Уэшх къешха, уэс ткIужа нэужь къанэ псы инаишхуэ.

*Зэхэзылъхьар* **БИЦУ Жаннэщ**.

***Мэкъуауэгъуэм и 6-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу***: **1**. Гъэхъуж. **3**. Елэн. **7**. Жагъуэгъу. **8**. Бжы. **9**. Нэм. **11**. Хон. **16**. Афэ. **17**. Пыл. **18**. Шабзэ. **20**. Хуарэ. **21**. Мыхъур.
***Къехыу:*** **1**. Гъымбу. **2**. Хъуржын. **4**. Лэгъунэ. **5**. Нэгумэ. **6**. Егъу. **10**. Боз. **12**. Щащыху. **13**. Хьэшыр. **14**. Апэсы. **15**. Елгъэр. **19**. Бу.

# ПцIы бупсмэ, уи пэжри я фIэщ хъужыркъым

● Хъыбар

Зы щIалэжь цIыкIу мэлыхъуэти, пэнтхым тету къуажэ мэлыр здигъэхъум, зэшырти, бгыпэм къытеувэри къэджащ:

- Уэлэхьи, ди мэлыр дыгъужьым яшх! - жиIэри.

Хэт фоч, хэт гуахъуэ, шэмэдж къащтэри, хьэблэ лIыр бгым зэрыдэхащ. Зэрыдэхри - дыгъужь лъэпкъи щыIэтэкъым, хъушэм лажьэ яIэтэкъым. Я IэнатIэм пщIэншэу къыпэраша лIы къомыр мэлыхъуэжь цIыкIум къешхыдащ, къеущиери, щхьэж и Iуэху пэрыувэжащ.

ЕтIуанэ махуэми щIалэжь цIыкIур ещхьыркъабзэу къэджащ. ЛIы къомыр зэрыдэхри - аргуэру пцIыт. ЛIыхэр мэлыхъуэ пцIыупсым ешхыдащ, ещхьэфауэри къагъэзэжащ.

Ещанэ махуэм дыгъужь гуп банэм къыхэжри, хъушэм къахэлъадэщ аби, мэлыр зэтраукIэу щIадзащ. Iэхъуэжь цIыкIур гужьеяуэ пэнтхым къытелъадэри къэджащ:

- Маржэ хъужыххэн, дыгъужь гуп къахэлъэдауэ къуажэ мэлыр зэтрашхыхь, фыкъызэрысын! - жиIэри.

Арщхьэкlэ, апхуэдизрэ къагъэпцIа жылэм ар я фIэщ хъуакъым, и щхьэр къовэ абы, жаIэри. Дыгъужьхэм къапэрыуэ щымыIэу мэл къомыр зэтраукIащ, зырызи яхьри кIуэжащ.

НАЛО Заур.

● Щэнхабзэ



Къэбэрдей къэрал театрым и лэжьакIуэ гуп. *2016 гъэ*

# Лъэпкъым и набдзэ

## Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр къызэрызэIуахрэ илъэс 90 ирокъу

***ЦIыху щхьэхуэ ирехъу, Iуэхущ IапIэ гуэруи щрети, ар къызыхэкIа, зей лъэпкъыр зэрыгушхуэ хъун гуэру щыщыIэкIэ, щыпсэукIэ, щылажьэкIэ ущогуфIыкI. Дауэ уримыгушхуэнрэ адыгэм ифI зэрихуэмэ, абы и блэкIар ихъумэрэ и къэкIуэнум хэлъхьэныгъэ хуищIмэ, и нобэрей Iэужьхэр телъыджэмэ. Апхуэдэхэм ящыщ зыщ мы махуэхэм къызэрызэIуахрэ илъэс 90 ирикъу Iуэхущ IапIэ щхьэпэр, адыгэ лъэпкъым и набдзэкIэ уеджэмэ ущымыуэну Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр. Ди усакIуэ пажэхэм яз Щоджэнц IыкIу Алий и цIэр уардэу зэрехьэ абы, и фэеплъым хуэпэжу лъэпкъым хуолажьэ. Усэбзэм и лъабжьэр Щоджэнц IыкIум игъэтIылъамэ, театр гъуазджэм ди республикэм зыщиужьын зэрыщIидзар адыгэ театрым и тхыдэм къыдыщожьэ. Ди гуапэщ абы и ехъулIэныгъэм цIыхухэр кIэухыншэу щыгуфIыкIыну, лъэпкъым и блэкIар я гъуазэу нобэрей гъащIэмрэ къэкIуэнумрэ хуэлажьэ артистхэр, режиссёрхэр, драматургхэр, театрым и Iуэхум зи IэщIагъэкIэ епха дэтхэнэри ефIэкIуэну, Iуэхущ IапIэр зэи цIыхуншэ мыхъуну. Щоджэнц IыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр къызытепщIыкIам, абы и тхыдэм фыхэдгъэгъуазэмэ ди гуапэщ и махуэм ирихьэлIэу.***

ЛЕНИНЫМ и цIэр зезыхьэ еджапIэ цIыкIум 1933 гъэм къыщызэIуахауэ щытащ лъэпкъ гъуазджэм и щIыналъэ студие. Абы и къалэн нэхъыщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэну къэрал драмэ театрым щылэжьэнухэр игъэхьэзырынырт. Адыгэхэм ящIэртэкъым театрыр зищIысыр, артист, театр гъуазджэ жыхуаIэхэми хащIыкIышхуэ щыIэтэкъым. Я бынхэр студием ягъэкIуэн папщIэ къызэгъэпэщакIуэхэр адэ-анэхэм елъэIун хуей хъурт. Республикэм и унафэщIхэм, псом хуэмыдэу Къалмыкъ БетIал, и фIыщIэкIэ зыхуей цIыхум хуэдиз къэрашалIэри студием лэжьэн ирагъэжьащ. Студием и япэ гъэсэну щытахэщ Чым Тембот, Бэрэздж Абу, Мызокъуэ Къамболэт сымэ.

Сыт хуэдизу Iуэхум жыджэру пэрымыхьами, ехъулIэныгъэфIхэр ямыIами, студиер мащIэт яубла Iуэхушхуэмк Iэ. Зэрагъасэ зэманри кIэщIыщцэт, Iуэхум хэзыщIыкI IэщIагъэлIхэри республикэм и мащIэт. ДэIэпыкъуэгъуушхуэ хъуащ студием и лэжьыгъэм нэIуасэ зыхуэзыщIа, Луначарскэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр институтым а илъэсхэм и унафэщIу щыта Фурмановэ Аннэ. Абы къыхилъхьащ институтым и деж лъэпкъ студие илъэситхукIэ щрагъэджэну. А жэрдэмыр я гуапэу даIыгъащ республикэм и унафэщIхэми. 1935 гъэм и бадзэуэгъуэ - шыщхьэуIу мазэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэр къызэхакIухьащ театр институтым и доцент Ефремовымрэ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Судаковымрэ. Япэм зэчий зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэм къахишырт адыгэ лъэпкъ студием щеджэнухэр, етIуанэм - балъкъэр лъэпкъ студием и гъэсэн хъунухэр. А гъэ дыдэм студентхэр Москва ягъэкIуащ, Налшык и деж щыIэ студиеми цIыху къиштащ, гупитIри зэхагъэхьэжу Къэбэрдей колхоз-совхоз лъэпкъ театр къызэрагъэпэщыныр я мураду.

1936 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м (аращ театрыр «къыщалъхуа» махуэу къалъытэр) облисполкомым и Президиумым зэIущIэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей лъэпкъ театр къызэгъэпэщыным теухуауэ. Абы унафэ къыщащтащ театрым и лэжьакIуэ хъунухэр щагъэхьэзыр щIыналъэ курсхэр къэзыуха цIыху 12-р (адыгэхэр) щылажьэу Къэбэрдей лъэпкъ театр къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ.

Колхоз-совхоз театрым лэжьэн щIидзащ 1937 гъэм накъыгъэм и 1-м. Абы и художественнэ унафэщIу ягъэуващ Станиславский Константин. Гъунэ изылъэ актёрхэм ящыщт Тубай М., ДыщэкI КIу., Шортэн Д., Гъуо А., Гъуэныбэ М., Къамбий Т., Нартыжь С., Сэхъу К., Къэбардокъуэ А. Япэ лъэпкъ режиссёру щытахэр Шортэн Аскэрбийрэ Мыд Хьэжмусэрэщ.

1940 гъэм ГИТИС-р къэзыуха, Ефремовымрэ Судаковымрэ театр гъуазджэм и щэхухэм фIы дыдэу хагъэгъуэза адыгэ, балъкъэр гупхэм къагъэзэжащ. А цIыху пщыкIуущым я цIэ къиIуапхъэщ. Ахэр Сыбэч Быхуэ, ТIыхъужь Алий, Сонэ Мухьэрбий, Балъкъэр Калисэ, КъардэнгъущI Зырамыку, Щхьэгъэпсэу Мухьэмэд, Шэру Азрум, Щхьэгъэпсэу Тэужан, Къумахуэ Хужьэ, Сонэ Башир, Тхьэзэплъыж Азрэт, Атэлыкъ Тэзрэт, Жыгун Тимэ сымэщ. Абыхэм къыздашэжат ГИТИС-м щагъэхьэзыра спектаклищ: Бомарше и «Фигаро и фызышэ», Островскэм и «ЗэчиифIэхэмрэ абы итхьэкъуахэмрэ», КъардэнгъущI Зырамыку и «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ» спектаклхэр. 1940 гъэм жэпуэгъуэм и 27-м «Фигаро и фызышэмкIэ» къызэIуахащ профессиональнэ лъэпкъ театрыр, ар адыгэ труппэм и премьерэт.

1958 гъэм ГИТИС-р къиухащ етIуанэ адыгэ студием. Абы щеджащ Къаздэхъу СулътIан, Мысостышхуэ Пщызэбий, Сэчрэч Мухьэдин, Мэкъуауэ Николай, Тыхъужь Iэниуар, Теувэж Уэсмэн, Шыгъушэ Лидэ, Срыкъуэ ХьэмщIасэ, ШэрэIужь Анатолэ, Нало Зое, Щоджэн Хьэбас, Къущхьэ Къанщобий, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Урыс Мухьэзир, Ащнокъуэ Тамарэ, Мер Ленэ сымэ. А илъэсхэм ирихьэлIэу театрыр ягъэбжьыфIэрт Токъуий Хъусен, Къардэн Лъостэнбий, Ерчэн Чэзимэ хуэдэ артистышхуэхэм.

ГИТИС-м нэмыщI ди ныбжьыщIэхэр зэман зэхуэмыдэхэм щеджащ Щукиным и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр училищэм (иджы институтщ). 1975 гъэм ар къаухри ди театрым щылэжьэну къагъэзэжащ артист хъарзынэхэу Ахэмын Мухьэрбэч, Балъкъэр Юрэ, Балъкъэр Тамарэ, Балъкъыз Валерэ, БжэIумых Басирэт, Джэдзауэ Венерэ, Иуан Владимир, Къэжэр Борис, КIэмыргуей Валентин, КIуэкIуэ Елизаветэ, Мэшыкъуэ Феня, Мэрзей Залым, НэщIэпыджэ Марие, Соблыр Аслъэн, Тэтэр Анатолэ, Фырэ Руслан, Хьэмыку Жаннэ, ХьэщIымахуэ ФатIимэ, Хъыдзэдж Борис, Шэрджэс Мухьэмэд, Шыбзыхъуэ Басир, Щэрмэт Людмилэ, Щыхьэлы Анатолэ сымэ. А еджапIэ дыдэм 1988 гъэм къыщIэкIащ иджыри зы гуп дыгъэл. Ахэр: Быдэ Хьэсэн, Дэбагъуэ Роман, Дэхъушокъуэ Мадинэ, Къаздэхъу Ларисэ, КIэнцIалы Роман, Къумахуэ Мухьэдин, КIарэ Ларисэ, Лу Рэмэзан, Мэкъуауэ ФатIимэ, Мысост Вадим, Сэралъп Роберт, Тэмазэ Лиуан, Мысостышхуэ Маринэ, Тхьэщыгъуей Жаннэ, Хьэщэ Къанщобий.

2015 гъэм Щукиным и цIэр зезыхьэ еджапIэ цIэрыIуэр къаухащ Жыкъуэ Назир, Багъ Иннэ, Батыр Iэдэм, Блашэ Имран, Джатэжьокъуэ Костантин, Замай Iэминэ, Къурмэн Регинэ, МафIэдз Заирэт, Сэбаншы Еленэ, Семэн Астемыр, Шыпш Къантемыр, Щоджэн Асир сымэ. Театрыр иджыпсту ягъэбжьыфIэ артист гъуэзэджэхэу ЖьакIэмыхъу КIунэ, Чыхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, Къэзанш Джульетэ, Молэ Iэулият, Жанатаевэ Марьям, Къардэн Заур, ТIымыжь Владимир, Пащтыкъ Анфисэ, Бозий Рустам, Бейтыгъуэн Жамболэт, ХьэхъупащIэ ФатIимэ, Шыдгын Тимур, Къул Марьянэ сымэ.

Театрым и репертуарым хэтщ классикэ драматургиеми лъэпкъ драматургиеми щыщ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Псалъэм папщIэ, Цагарели А. и «Ханума», Касон А. и «ХьэжьэIужьэ», Гоголь и «Ревизор», Рей Куни и «ЦIыхухъур, цIыхубзыр, хьэдэ мыцIыхур», IутIыж Борис и «Хьэпэщыпхэ», Нэш Ричард и «Уэшх зыщэ», Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и къарур», Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапIэ» спектаклхэр, нэгъуэщIхэри. Адыгэ театрым и лэжьыгъэхэри ди республикэм и мызакъуэу нэгъуэщI щIыпIэхэм, уеблэмэ къэралхэм утыку къыщрихьащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм и хьэтыркIэ, Тыркур, Сириер, Иорданиер, США-р, Украинэр, республикэхэу Къэрэшей-Шэрджэсыр, Осетие Ищхъэрэ - Аланиер, Осетие Ипщэр, Къалмыкъыр, Абхъазиер, къалэхэу Пятигорск, Дон Iус Ростов, Ставрополь, Москва, нэгъуэщIхэри.

Иджыпсту Щоджэнц IыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щолажьэ цIыху 87-рэ, абыхэм ящыщу 46-р артистщ, режиссёрщ, сурэтыщIщ. Абыхэм яхэтщ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артистхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артистхэр, ди республикэм, Ингушым, Адыгейм щIыхь зиIэ я артистхэр, Урысей Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэхэр.

**ИСТЭПАН Залинэ.**



# Пэнагуэ Казбек и фэеплъу

**СССР-м самбэмкIэ спортым и мастер, а спорт лIэужьыгъуэмкIэ Тэрч районым и япэ тренеру щыта Пэнагуэ Казбек и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ «Тэрч-Олимп» спорт комплексым щекIуэкIащ. Абы щызэпеуащ ди къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 20-м я спортсмену 120-м нэблагъэ, езыхэр гупи 8-уэ гуэшауэ. Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытащ Ярославль областым щыщ, урысейпсо категорие зиIэ судья Кербунов Александр.**

УДЭЗЫХЬЭХЫУ икIи гъэщIэгъуэну екIуэкIа зэIущIэхэм къарикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь наIуэ къызэрыхъуамкIэ, я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм щытекIуащ Татарян Арсен (Краснодар щIыналъэ), Уэхъутэ Амир (Къэрэшей-Шэрджэс), Сайпуллаев Мухьэмэд (Дагъыстэн), КIуэкIуэ Темырлан (Къэбэрдей-Балъкъэр), Сонэ Инал (Краснодар щIыналъэ), Амбарцумян Горлеон (Краснодар щIыналъэ), Макарьян Богдан (Краснодар щIыналъэ), Мачильский Елдар (Осетие Ищхъэрэ - Алание).

Зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу медалхэмрэ кубокхэмрэ иратащ, Пэнагуэхэ я унагъуэм ахъшэ саугъэтхэмкIэ ахэр ягъэпажащ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**



# Шабзэм хуэIэзэхэр

**Дагъыстэным и къалащхьэ Мэхъэчкъалэ и Кубокыр шабзэкIэ нэщанэ еуэнымкIэ къэхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменкэ Кулюшинэ Янэ япэ увыпIэр щиубыдащ. Саугъэтхэр игъэуващ а къалэм и Iэтащхьэ Салавов Жамболэт.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтащ УФ-м и щIыналъэ куэдым я спортсмену 100-м щIигъу. Кулюшинэ Янэ щытекIуащ метр 70-кIэ пэжыжьэ нэщанэм шабзэкIэ еуэнымкIэ. Иджы абы зыхуегъэхьэзыр мы гъэм мэкъуауэгъуэм Улан-Удэ щызэхэтыну урысейпсо зэпеуэм.

Спортсменкэр зэхьэзэхуэм хуигъэхьэзыращ КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и спорт еджапIэм и тренер Кулюшинэ Наталье.

**ДОЛЭТ Болэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.283 • Заказыр №1221

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А